



Mugenzi mushitsi wa Harbor Place,

Turaguhaye ikaze muri Harbor Place. Harbor Place ni indaro abantu babamwo igihe gito aho abantu bafise ibimenyetso vy'indwara ya covid-19 bashobora gushirwa mu mwiherero gushika baronse inyishu z'ibipimo bafashwe vya covid-19, kandi ni ahantu abantu bapimwe bagasanga bararwaye baguma kugira batore mitende biyugaranye batabonana n'abagenzi babo, n'umuryango, n'abandi bashitsi. Iri kete ni iryo kubamenyesha imfashanyo ihari kugira igihe muzomara muri Harbor Place corohe.

Mubakozi ba Champlain Housing Trust bazobafasha mu gihe muzomara muri Harbor Place harimwo abakozi babiri baha seruvise abashitsi n'umukozi wo kw'iyakiriro. Abakozi babiri baha seruvise abashitsi ni Mike Ohler na Emily Taylor. Murabonana mu kanya gato nimba mutamaze kubonana. Murayaga uko ibintu vyifashe kuri wewe ubu, batohoze neza ko hari muganga ajejwe kugukurikirana muvugana kandi ufise n'izindi mfashanyo zo mu kibano, bishure ibibazo vyose ufise, kandi baragusaba gukurikiza inyifato ngenderwako za Reta zo kwama wiyugaranye ata bandi bantu muhura.

Mu gihe uri mu mwiherero, uzosuzumwa ibipimo vya COVID uri ngaho kandi urindire inyishu zivuye mu bipimo. Nimba inyishu zerekanye ko utarwaye kandi muganga akaba akurekuriye kuva ngaho, tuzogufasha gutunganya ingene usubira ahantu wahora ubwa mbere canke kuronka icumba c'uburaro kirihwa na Reta.

Nimba inyishu zerekanye ko urwaye uri ngaha, tuzogushira mu cumba co mu yindi nyubakwa itandukanye n'iyi, kure y'abandi bashitsi kugira tuzibire umugera ntukwiragire. Dukurikiza ingingo ngenderwako y'igihugu n'iya Reta kugira dutohoze neza ko utakirwaye uyu mugera kugira tugushikirize urupapuro rukurekurira kuva ngaha. Ibi bijewe umuganga wawe akwitaho canke Ikigo c'Ivuriro ryo mu Kibano ca Burlington, mu gihe woba ata muganga wawe akwitaho ufise.

CHT na Reta basaba abashitsi bose kwambara agapfukamunwa mu gihe bari muri Harbor Place, iyo basohotse mu vyumba bagiye hanze. Abakozi bazoguha agapfukamunwa, nimba utagafise, kandi bazokwibutsa bitonze kukambara mu gihe uzoba uriko uratembera hanze wasohotse mu cumba kandi atako wambaye.

Muri ibi bihe, umurwi uha seruvise abashitsi wa CHT urahari kugira igihe uzomara ngaha kikunzeze kandi kibe kigufi bishoboka. Vyongeye kuri Mike na Emily bari hafi yawe mu gihe ukeneye umuganga agufasha canke uwugufasha ku biraba amagara yo mumutwe, umukozi wo kw'iyakiriro azogufasha mu bindi ukeneye, nk'imfungurwa, kumesura impuzu no gutuma ibikoresho ukeneye muri Faromasi ya Kinney Drugstore bakazobishikana mu cumba cawe.

Mu gihe uri muri Harbor Place uraronswa imfungurwa. Umukozi wo kw'iyakiriro azotunganya ingene bagushikanira imfungurwa mu cumba. Bazosiga imfungurwa imbere y'icumba cawe bace badodora ku muryango wawe canke baguterefone kugira bakumenyeshe ko imfungurwa zashitse ngaho. Kugira bakingire amagara yawe nayabo, abakozi barambara impuzu zibakingira mu gihe bafashe ivyo bagushiriramwo imfungurwa kandi bagahanagura ahantu hose bakoresheje imiti yica imigera co kimwe no gukaraba iminwe kenshi.

Tugasaba kutava ngaha muri Harbor Place mu gihe uri mu mwiherero canke uriko uratora mitende. Kinney Drugs ni ho uronka ivyo ukeneye mugabo nkundira ntwigere uja muri Kinney Drugs mu gihe uri muri Harbor Place. Bazobikurungikira! Kandi mu gihe uvuye ngaha, ntibazokwemerera ko ugaruka.

Nimba ushaka ko kuri Kinney Drugs bakurungikira ikintu ico ari co cose, nkundira ubaterefone imbere y'isaha ya 11:00 a.m. Bizorungikwa muri Harbor Place kw'isaha ya 12:00pm kandi umukozi wo kw'iyakiriro azogushikanira ivyo warungikiwe. Iryo wasavye kurungikirwa bitagushikiye mu gatondo naho, urashobora gusaba ivyo urondera kw'isaha ya 11:30 a.m. n'isaha ya 2:30 p.m. hama bazobikurungikira kw'isaha ya 4 p.m. Ukeneye ivyo urungikirwa, nkundira uterefone kuri Kinney Drugs ku numero

ya (802) 985-0008 x4. Mu gihe uhejeje kubabarira ivyo bakurungikira ntiwibagire kubabarira amazina yawe na numero y'icumba cawe c'uburaro.

Kuriha amahera: Muri Kinney Drug bazokubarira igitigiri c'amahera utegerezwa kuriha uhejeje kubabarira ico wipfuza kurungikirwa. Nimba bishoboka, nkundira ugerageze kuriha amahera ukoresheje ikarata ya EBT kugira ugabanye guhanahana amahera mu ntoke. Nimba ushobora kuriha ukoresheje ikarata ya EBT, nkundira ushikirize Kinney Drugs inomero y'ikarata yawe kuri telefone. Nimba ukeneye kuriha utanze amahera mu ntoke, uzokenera guha abakozi bo muri Harbor Place amahera yo kuriha ivyo ushaka ko bakurungikira.

Kugira uhe abakozi amahera, nkundira uterefone umukozi wo kw'iyakiriro kandi umubarire ko hari ivyo wasavye kurungikirwa, mubarire amahera bitwara, hama uyo mukozi azogushikiriza amabwiriza utegerezwa gukurikiza kugira urihe amahera kandi bakuronse ayasigaye nimba ari ngombwa.

Gusuzumwa na muganga ku ngurukanabumenyi batazira Telehealth birashoboka mu gihe muganga agusuzuma. Nimba udafise muganga wawe asanzwe akwitaho, Ikigo c'Ivuriro ryo mu Kibano ca Burlington nico kizokwitaho mu gihe uzoba uri muri Harbor Place. Basavye ko tugushikiriza urukarata rwo ukwiyandikisha rugenewe umurwayi kugira urwuzuze bace bagufasha. Tugusaba kandi gushira igikumu ku ruhusha kugira dushobore kuvugana na muganga wawe akwitaho ivyerekeye ibimenyetso vy'indwara vyibonekeza kuri wewe.

Nimba watowe Covid, umuganga wawe akwitaho ategerezwa kumenyeshwa ko ufise umugera kugira atange uburenganzira ko wova ngaho. Mu gihe wiyugaranye, tuzogusaba gusaba isango ryo kubonana n'umuganga wawe akwitaho kugira muvugane ku bimenyetso vy'indwara vyibonekeza ku mubiri wawe ukoresheje ubuhinga ngurukanabumenyi batazira telehealth. CHT izoyaga n'umuganga wawe akwitaho kugira yemere kukurekurira uruhusha rwo kuva ngaha ku gihe kibereye.

Tuzoguha amashuka afise isuku n'amaswime mu gihe uzomara ngaha, uko bikenewe. Menyasha umukozi wo kw'iyakiriro mu gihe ukeneye amashuka asukuye. Nkundira ushire impuzu zawe zicafuye mu gafuko k'umusego karenga twaguhaye uce ubishira mu ndobo y'igitunga kw'ibaraza ry'ibiro. Mukumesura impuzu zawe, hari icumba bamesuriramwo impuzu ngaha ku buntu usavye isango. Terefone umukozi wo kw'iyakiriro usabe isango. Umuntu umwe wenyene niwe yemerewe kwinjira mu cumba bamesuriramwo, kandi kizokwama cugaye kiretse mu bihe vy'isango. Icumba co kumesuriramwo impuzu gitegerezwa guterwamo umuti wica imigera buri gihe gihejeje gukoreshwa kandi niwaba wipfuza kuraba ivyo bakurikiza mugusukura icumba bamesuriramwo impuzu no gupompa umuti wica imigera, nkundira ubibaze.

Ibindi bintu utegerezwa kwiyunvira mu gihe uzoba uri muri Harbor Place:

- Nkundira **ukarabe intoke n'amazi ashushye, isabuni y'amazi igihe cose bishoboka**, na canecane uhejeje gukorakora ahantu canke usubiye mu cumba cawe.
- Ukeneye naho gusohoka mu cumba cawe kubera imvo ihambaye, **nkundira usigaze intambuko zitandatu 6 zingana ni metero zibiri hagati yawe n'abandi**.
- **Nimba ibimenyetso vy'indwara ufise bitanguye kumera nabi cane**, nkundira uterefone muganga wawe akwitaho n'umukozi wo kw'iyakiriro ubwo nyene.
 - o Mu gukara kw'ibimenyetso harimwo guhema bigoranye kubera kubura impwemu, kongerekana k'umucanwa, umunwa usa nk'ubururu canke mu maso hasa nk'ubururu, ububabare mu gikiriza, no kugira amadidane mumutwe.
 - o Nimba uremvyeye cane kandi udashobora guterefone muganga wawe akwitaho, nkundira uterefone 9-1-1.

Ufise ibibazo naho canke amakenga wipfuza gushikiriza, nkundira uterefone **Emily Taylor ku numero (802) 735-7072 canke Mike Ohler ku numero (802) 578-4657**. Turagukengurukiye gukora ivyo usabwa vyo kwama wiyugaranye kugira uzibire ikwiragira rya COVID-19 no gufasha ikibano muri rusangi kubaho ata nkomanzi kandi kigume gifise amagara meza muri ibi bihe
--- Abakozi ba Champlain Housing Trust Harbor Place

Dear Harbor Place guest,

Welcome to Harbor Place. Harbor Place is a temporary residence where people with symptoms of covid-19 can quarantine until receiving the results from the covid-19 test, and where people who have tested positive stay to recover in isolation from friends, family, and other guests. This letter is to inform you of supports in place to make your time at Harbor Place slightly easier.

The employees at Champlain Housing Trust who will support your stay at Harbor Place include two guest services staff and front office staff. The guest services staff are Mike Ohler and Emily Taylor. They will be in touch with you shortly if they have not already been. They will talk with you about your current circumstances, make sure that you are connected to a healthcare provider and to other supports in the community, answer any questions you may have, and ask you to follow the State's official guidance to remaining isolated from others.

While you are in quarantine, you will receive a COVID test onsite and wait for the results. If the results are negative and you are medically cleared to leave, we will help you to arrange a return from your original location or access a state paid motel room.

If you test positive while onsite, we will move you to a room in a separate building, away from other guests to prevent the virus from spreading. We follow the federal and state procedure for making sure that you no longer have the virus in order to medically clear you for discharge. This involves your primary care provider or the Community Health Center of Burlington, if you do not have a primary care provider.

CHT and the State require that all guests wear face masks during their stay at Harbor Place, while circulating outside of the rooms. Staff will provide you with a face mask, if you do not have one, and will kindly remind you to wear it if you are walking around the site outside of your room and do not have it on.

Throughout this time, CHT's guest services team is available to make your stay as comfortable and brief as possible. In addition to having Mike and Emily available if you need medical or mental health support, the front office staff will assist you with other needs, like food, laundry and ordering items from Kinney Drugstore that will be delivered to your room.

Meals are provided while you are at Harbor Place. Front desk staff will coordinate food delivery to your room. They will leave the food outside of your room and either knock on your door or call you to alert you that it has been delivered. To protect your health and their own, staff wear protective gear while handling food and they sanitize all surfaces as well as wash their hands regularly.

We ask you not to leave Harbor Place while you are in quarantine or recovery. Kinney Drugs is a resource for you but please do not visit Kinney Drugs while you are at Harbor Place. They will deliver! And if you leave the premises, you will not be able to return.

If you would like to order anything from Kinney Drugs, please call them before 11:00 a.m. They will be deliver to Harbor Place at 12:00pm and front office staff will bring the delivery to you. If you miss the morning order, you can place one between 11:30 a.m. and 2:30 p.m. and it will be delivered at 4 p.m. To order, please call Kinney Drugs at (802) 985-0008 x4. When you place your order be sure to give them your name and room number.

Payment: Kinney Drug will tell you the total amount due once your order is placed. If possible, please try to pay using your EBT card to minimize cash transactions. If you can pay with your EBT card, please provide the card number to Kinney Drugs over the phone. If you need to pay with cash, you will need to give Harbor Place staff the cash for your order.

To give staff the cash, please call the front desk and let them know you placed the order, tell them how much it cost, and staff will provide you with instructions for payment and change if necessary.

Telehealth visits are available during your visit. If you do not have a primary health care provider, the Community Health Center of Burlington will be your health care provider while you stay at Harbor Place. They have requested that we provide you with a patient registration form to fill out so they can assist you. We also ask you to sign a release so that we can discuss your symptoms with your primary care provider.

If you are Covid-positive, your primary care provider must be informed that you have the virus so that they can authorize your discharge. While you are in isolation, we will ask you to make an appointment with your primary care provider to discuss your symptoms on a telehealth visit. CHT will speak with your primary care provider to receive their approval for discharge at the appropriate time.

We will provide you with clean sheets and towels during your stay, as needed. Let the front desk know when you need clean linen. Please put your dirty laundry into the provided extra pillow case and deposit in into the laundry bin on the office porch. To wash your clothes, there is an onsite laundry room that you can use for free by appointment. Call the front desk to make an appointment. Only one person is allowed in the laundry room at a time, and it will be locked except during appointment times. The laundry room is sanitized between each use and if you would like to see the laundry room cleaning and disinfecting protocol, please ask.

Some other things to consider during your time at Harbor Place:

- Please **wash your hands with warm, soapy water as often as possible**, especially after touching surfaces or returning to your room.
- If you need to leave your room for an essential reason, **please maintain a 6-foot distance from others.**
- **If your symptoms begin to worsen**, please contact your primary care physician and the front desk immediately.
 - o Intensifying symptoms include difficulty breathing due to shortness of breath, increasing temperature, blue lips or blue face, chest pain, and confusion.
 - o If it is an emergency and you cannot contact your primary care physician first, then please call 9-1-1.

Should you have questions or concerns, please call **Emily Taylor at (802) 735-7072 or Mike Ohler at (802) 578-4657**. Thank you for doing your part to remain isolated to stop the spread of COVID-19 and help the community at large stay safe and healthy during this time --- Champlain Housing Trust Harbor Place Staff